

## RINGKESAN

Pausahaan Lippo Group (Meikarta) nyaeta hiji proyek andelan pausahaan properti na dipimilik group lippo, nyaeta PT Lippo Karawaci Tbk (LPKR) jeung PT Lippo Cikarang Tbk (LPCK). Proyek Eta dipimilik ku PT Mahkota Sentosan Utama nu sagemblengna ngarupakeun anak usaha ti LPCK. Dumasar tinu hasil panalungtikan kapanggih aya masalah sahubungan jeung laku lampah konsumen nu khusus na ngeunaan startegi pamasaran anu dikira-kira disababkeun ku kurangna kagiatan Marketing Public Relations saperti kurangna kagiatan nu teacan maksimal.

Tujuan panalitian nganyahoikeun hubungan Marketing Public Relations jeung perilaku konsumen di Meikarta. Metode panalitian nu digunakeun nyaeta metode deskriptif analisis, pangumpulan data dilakukeun ku panalitian kapustakaan jeung panalitian lapangan. Dina panalitian lapangan ieu panaliti ngalakukeun wawancara, observasi non partisipan, jeung panyebaran angket ka konsumen atawa calon konsumen. Analisis data nu digunakeun nyaeta validitas instrumen, realibilitas instrumen, persamaan regresi linier sederhana, korelasi rank spearman, jeung uji hipotesis.

Dumasar data anu dihasilkeun tina hasil panalitian nunjukeun yen aya hubungan pasti antara Marketing Public Relations jeung perilaku konsumen. Dumasar persamaan linier sederhana ngahasilkeun data anu nunjukeun Marketing Public Relations ngabogaan hubungan jeung perilaku konsumen, hartina lamun aya kanaekan hiji variabel Marketing Public Relations bakal ngajadikeun kanaekan konsumen 0,358 satuan. Dumasar koefisien korelasi X jeung Y dihasilkeun nilai korelasi atawa hubungan 0,629 dimana angka kasebut kaasup kana kategori nu kuat.

Palaksanaan kagiatan Marketing Public Relations nglaman sababaraha hambatan diantaranya pausahaan kasulitan mibanda kapercayaan konsumn jeung parusahaan masih ngabutuhkeun teknik jeung ilmu marketing public relations.

Saran-saran nu panaliti jentrekeun antarana parusahaan kudu leuwih ngaayakeun kagiatan-kagiatan keur ningkatkeun pengetahuan sabudeuran Meikarta.

**Kata Kunci : *Marketing Public Relations***